

CHIMEN POU YON EKONOMI KI NAN ENTERÈ TOUT MOUN

Kanpay Pledwaye pou amelyore politik piblik yo nan domèn taks ak komès, pwodiksyon endistriyèl, ak kreyasyon travay.



TAB MATYÈ

Entwodiksyon Jeneral	5
Yon ti kout je sou politik piblik altènativ fiskalite ak komès la	7
Sa ou dwe konnen sou politik fiskalite ak komès la	8
Kad lojik senplifye politik fiskal ak komèsyal altènativ la	10
Yon ti kout je sou politik piblik altènativ sou pwodiksyon endistriyèl ak kreyasyon travay la	23
Sa ou dwe konnen sou politik piblik altènativ sou pwodiksyon endistriyèl ak kreyasyon travay la	24
Tablo sentèz bidjè Pwogram alternatif (BPA)	26
Yon ti kout je sou bidjè-pwogram altènatif ki gen ladan l politik piblik ocid pwopoze yo	33
Sa ou dwe konnen sou bidjè-pwogram altènatif ki gen ladan l politik piblik alètantiv OCID pwopoze yo	34
Tablo sentèz P-BPA	36
strateji pou fè fas ak baryè ki ta ka anpeche refòm ocid pwopoze yo ateri	37
Kisa w dwe konnen sou OCID	39



ENTWODIKSYON JENERAL

Nan kad dezyèm faz pwojè pilòt « Initiative de Contrôle Citoyen de l'Action Publique en Haïti » (ICCAPH), ki benefisye bourad lajan National Endowment for Democracy (NED), Obsèvatwa Sitwayen Pou Enstityonalyasyon Demokrasi (OCID, yon tet kole 3 oganizasyon an Ayiti : Initiative de la Société Civile, Centre Œcuménique des Droits Humains et Jurimédia) nan peyi Dayiti te angaje senk (5) ekspè¹ pou pwodwi 2 politik piblik altènativ ak yon bidjè pwogram ki gen ladan l esansyèl politik piblik altènativ yo, yon bò, politik pwomosyon endistri ak kreyasyon travay la, yon lòt bò, politik fiskal ak komèsyal.

Kòm demach metodolojik, OCID te founi je gade tout dokiman referans sou politik piblik li sible yo

¹ Panel la te gen ladan l yon ekspè nan syans politik (kòdonatè ekip la ak responsab elaborasyon politik piblik), yon ekspè nan finans piblik (Li te gen kòm chaj pou elabore bidjè-pwogram altènativ la), 2 ekonomis ak yon fiskalis ki pote konsepsyon spesifik pa l sou dokiman ki fèt yo pandan tout pwosesis la.

ak bidjè-pwogram la pou li te kapab analize pwen ki parèt plis enpòtan yo. Aprè sa, enstitisyon an te pwodwi kèk kesyonè yon fason pou kapab pran opinyon plis pase 20 moun ki ap travay nan sektè piblik oubyen ki fè pati politik, laprès, Inivèsite, sektè prive afè, avèk sila yo ki metrize oubyen ki gen konesans nan domèn li ap travay sou yo a. A kote tout sa yo, yon panel ki gen ladan l twa spesyalis (2 ekonomis ak yon fiskalis) te travay men nan men ak 2 ekspè ki te gen reponsabilite pou kondwi ankèt la, 2 yon manyè pou yo kapab ale pi lwen nan analiz yo. Sa nou ta ka konsidere kòm yon fòm adaptasyon teknik « Delphi » a, pou konpelete analiz done segondè ak kalitatif yo, ekspè yo te itilize kòm referans rezilta sondaj nasyonal konsiltasyon sitwayèn sou politik piblik OCID te reyalize pou mwa desanm 2022² a.

Paralèlman ak travay pwodiksyon dokiman sou politik piblik altènativ sa yo ak bidjè-pwogram altènatif la, OCID te pwodi twa modil fòmasyon sou analiz bidjetè, apwòch bidjè-pwogram ak politik piblik, li te devlope l nan kad yon seminè anliy li te reyalize pou 1400 kad nan òganizasyon sosyete sivil la, nan polititik, medya (an patikilye yon santèn jounalis). Pandan seyans fòmasyon sa yo enstitisyon an te resevwa kèk ide ki sèvil nan finalizasyon dokiman an. Egzèsis elaborasyon bidè-pwogram altènatif la te ofri okazyon pou te pote kritik (nan sans analize fòs ak feblès) sou bidjè tradisyonèl leta a epitou pwopoze lòt demach

² Ankèt sa te reyalize soti 28 novanm pou rive 4 desanm 2022 bò kote yon echantiyon aleyatwa kote 1,684 moun ki gen 18 ans ak pi plus ki twouve yon nan dis (10) depatman jewografik peyi a te reponn kesyon. Rapò sa ou ka jwenn li nan anèks agimantè pledwaye OCID pibliye ak sou sit entènèt obsèvatwa a. (<http://ocidhaiti.org/>).

pou reyoryante bidjè a yon fason pou li te kapab pi byen adapte, plis patisipatif ak reprezantatif.

Dokiman sa a fèt nan lide pou pajaje bay aktè yo, desidè yo, opinyon piblik la sa ki fè esansyèl politik piblik altènativ yo ak bidjè-pwogram OCID pwopoze a. Li se yon rezime agimantè a ki gen ladan l politik altènativ yo ak bidjè-pwogram altènativ la.

YON TI KOUT JE SOU POLITIK PIBLIK ALTÈNATIV FISKALITE AK KOMÈS LA.

Politik piblik altènativ sou fiskalite ak komès OCID pwopoze a chita sou 4 aks stratejik : gouvènans fiskal, relèv komèsyal ak devloman dirab ; devlopman rejyonal ak lokal ak anviwònman afè. 4 aks sa yo gen objektif stratejik ki yo menm gen 8 pwogram priyoritè ak 30 aksyon priyoritè.

SA OU DWE KONNEN

SOU POLITIK FISKALITE AK KOMÈS LA.

Yon politik fiskalite ak komès fè referans ak mezi ansanm ak desizyon gouvènmanan an pran nan sa ki a wè ak taks sitwayen, antrepriz yo ansanm ak regilasyon komès enteryè ak eksteryè. Politik sa gen ladan l tou chwa ki lye ak enpo, egzanpsyon fiskal, dwa de dwàn ak akò komèsyal ki vize enflyanse ekonomi nasyonal la. Lè li konstate limit ki genyen nan politik fiskal ak komès leta Ayisyen an mete sou pye nan domèn sa yo, OCID pwopoze yon politik altènativ pou pwopoze refòm an pwofondè. Obsèvatwa a pa kontante li pou fè rekòmandasyon sèlman.



Konsa, nou kapab di yon politik piblik altènativ se yon apwòch diferant ki pa konvansyonèl pou rezoud pwoblèm oubyen atenn yon objektif spesifik nan yon sosyete. Nan sans sa, politik altènativ OCID pwopoze yo fè diferans ak metòd tradisyonèl ki déjà etabli yo. Epi yo kapab egzekite yo pou divès rezon pou retire kèk fay, redwi inegalite, inove nan kesyon gouvènans.

Pa egzanp, politik altènativ fiskalite ak komès OCID prezante a li anvizaje rann pi efikas sistèm fiskal la pandan li ap favorize mekanis bòn jesyon depans piblik yo. Sa ki ap pèmèt resèt fiskal la ogmante, redwi asistans bidjetè ki ap soti nan kominote entènasyonal la a anviwon 22%. Politik altènativ sa vize tou redrese balans komèsyal la pandan li priyore pwogram aksyon ki destine a relèvman komèsyal peyi anan yon kontèks devlopman dirab. Konsa, pwodiksyon nasyonal la ap plis konpetitiv fas ak enpòtasyon epi l'ap kapab tou entegre mache entènasyonal

OCID pwopoze pou bati politik fiskal ak komèsyal la sou devlopman rejyonal ak lokal l, sa ki pral pèmèt rejyon yo transfòme an rejyon ki gen yon gwo potansyèl ekonomik ki ap ede nan lit kont povrete, chomaj, egzòd riral masif an menm tan tou li ka pèmèt gen yon pi bon gouvènans teritoryal nan peyo a ak koyezyon nan mitan tout kouch nan syosyete a .

OCID panse tou lè nou mete pwogram aksyon ki vize amelyore anviwònman teknik, jiridik ak mache entènasyonal la..



KAD LOJIK SENPLIFYE POLITIK FISKAL AK KOMÈSYAL ALTÈNATIV LA

AKS ESTRATEJIK I : GOUVÈNANS FISKAL AK BIDJETÈ

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Ranfòse pèfòmans sistèm fiskal

PWOGRAM PRIYORITÈ 1 (P1) : Modènizasyon strikti ki ap resewwa resous bidjetè.

REZILTA NOU AP TANN : Redwi depandans bidjetè fas ak bayè yo

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
1) Amandman lwa òganik Ministè Ekonomi ak Finans ak sèvis teknik dekonsantre MPCE, Bank Santral pou kapab gen pi bon amonizasyon nan jesyon politiki bidjetè ak monetè;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AFÈ ETRANJÈ; • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	PREMYE ANE POU RIVE 2
2) Enstitisyon Fiskal ak dwanyè yo ranfòse pou kapab amelyore pefòmans yo (Resèt piblik la kouvri pou pi piti 75% depans piblik);	<ul style="list-style-type: none"> • DGI; • AGD. 	PREMYE ANE POU RIVE 3
3) Aplikasyon refòm nouvo kòd jeneral Enpo ak Pwosedi fiskal la ;		PREMYE ANE POU RIVE 2
4) Enplemantasyon ak ranfòsman nouvo sistèm enfòmatrik « RMS » sou teritwa nasyonal pou kapab rann pi pefòman odit fiskal ak ranfòse kapasite ak teknik nan sèvis Odit fiskal la ;		PREMYE ANE POU RIVE 3
5) Pou gen yon meyè kouwòdinasyon nan politik bidjetè, monetè ak fiskal ;		
6) Negosyasyon Konvansyon fiskal bilateral (2 kote) ak multilateral (plizyè kote) pou kapab genyen yon meyè pataj konpetans fiskal ant Ayiti ak lòt peyi. Soumèt kèk lòt kategori etranje a obligasyon enpo;		
7) Ranfòse kontwòl dwanyè nan prensipal pwen fwontalye Ayisyano-dominiken (saki ofisyèl yo ak sa ki pa ofisyèl yo)		

8) Ranfòse lit kont fwod fiskal ak dwanyè epi mete yon rezo enfòmatrik efektif nan MEF, DGI ak enstitisyon dwanyè yo ;		
9) Rasyonalize ak senplifye pwosedi pou kolekte taks ak enpo nan DGI (Gichè inik, Gichè pwoksimite Gichè itinera, Teledeklasyon, Telepèman) ;		
10) Pwomosyon ak respè obligasyon fiskal bò kote sitwayen yo a travè yon pwogram sansibilizasyon ki ap pran plizyè fòm;		PREMYE ANE POU RIVE 2
11) Ranfòsman sistèm enfòmasyon sèvis kòlèkt enpo yo ak enplemantasyon SYDONA ;		PREMYE ANE POU RIVE 3
12) Ogmantasyon to presyon fiskal apati enpozisyon ki sible filyè ki kapab jenere lajan stab nan sektè enfòmèl;		
13) Amandman lwa 1987 la sou tarif dwanyè ak pwodwi enpòte ki pran an kont nòm CARICOM ak OMC ;		PREMYE ANE POU RIVE 2
14) Adopsyon lwa ki revize tarif dwanyè sou lèt enpòte ;		PREMYE ANE POU RIVE 3
15) Revizyon lwa sou TCA nan lide pou entegre kloz ki redwi to 50% sou sèten pwodwi premye nesosite ;		
<p>PWOGRAM PRIYORITÈ 2 (P2) : Asenisman strikti depans bidjetè.</p> <p>REZILTA NOU AP TANN : Amelyorasyon kalite gouvènans bidjetè ak jesyon finansyè enstitisyon piblik.</p>		

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
16) Ranfòseman kilti planifikasyon miltisektoryèl bidjè nan lide pou asire yon pi bon priyòrizasyon depans an fonksyon sektè ki konsène ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ PLANIFIKASYON; • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	PREMYE ANE POU RIVE 2
17) Amelyorasyon kad jeneral egzekisyon ak swivi envestisman piblik a pati ranfòsman pwosedi kontwòl tanzantan depans yo ak pwomosyon pratik jesyon ki chita sou rezilta;	<ul style="list-style-type: none"> • ULCC; • IGF. 	PREMYE ANE POU RIVE 3
18) Tabli nan enstitisyon yo yon kilti rezilta ki an akò ak bidjè-pwogram nan;		
19) Ranfòseman règ ak pratik jesyon pasasyon mache piblik ;		PREMYE ANE POU RIVE 2
20) Mete an aplikasyon lojisyeèl sistèm entegre enfòmasyon sou depans òganis piblik yo, epi tabli nan Administrayon piblik la yon tablo pri ki sèvi kòm referans ;		
21) Revizyon achitekti enstitisyon kontwòl yo ak strikti ki ap lite kont koripsyon, pami yo antite aparèy jidisyè nan lide pou ranfòse efikasite yo ak endepandans yo ;		PREMYE ANE POU RIVE 3
22) Pwomosyon etik ak sans kolektivite nan jesyon depans piblik ;		
23) Entwodwi yon pratik egzamen finansye aleyatwa chak ane nan enstitisyon leta yo a pati yon fim odit prive.		PREMYE ANE POU RIVE 3
<div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin-bottom: 5px;"> <p>PWOGRAM PRIYORITÈ 3 (P3) : Pwomosyon ekilib bidjetè.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>REZILTA NOU AP TANN : Enpak bòn gouvènans bidjetè sou epay piblik pèmèt finansse travay devlopman.</p> </div>		

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
24) Ranfòse kad enstitisyonèl nan kad desizyon ki ap pran pou egzekite bidjè a ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ PLANIFIKASYON; 	PREMYE ANE
25) Etabli yon mekanism pou kapab metrize dèt la, si sa ap itil peyi ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	
26) Fè pwomosyon pou pèfòmans finansyè nan òganis piblik ki gen karaktè komèsyal pou redwi ak elimine sibvansyon tradisyonèl leta pou ka sipòte bidjè nasyonal la ;	<ul style="list-style-type: none"> • ULCC; • IGF; • CONALD. 	PREMYE ANE POU RIVE 3
27) Rasyonalizasyon sibvansyon piblik ki pral jwenn òganis prive Ki ap evolye nan sosyal;		PREMYE ANE POU RIVE 3
28) Maksimize eksplwatasyon finansyè ak komèsyal nan domèn imobilye ak fwonsye prive leta ak òganism piblik ki gen karaktè komèsyal yo. Tankou: Pwopriyete fwonsyè ki nan fèm, imèb leta konfiske ki plase sou jesyon CONALD ;		PREMYE ANE POU RIVE 3



AKS ESTRATEJIK II : RELÈVMAN KOMÈSYAL AK DEVLOPMAN DIRAB

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Ranfòse prezans pwodwi ayisyen yo sou mache etranje yo.

PWOGRAM PRIYORITÈ 4 (P4) : Mete yon politik sou pye pou ekilibre balans komèsyal la.

REZILTA NOU AP TANN : Ranfòse prezans pwodwi ayisyen nan komès mondyal la epi ekilibre balans komèsyal la.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
29) Mete sou plas yon strateji komèsyal pou ranplase enpòtasyon an;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AFÈ ETRANJÈ; 	PREMYE ANE POU RIVE 2
30) Pou Ayiti mete menm tarif dwanye ak tout lòt peyi nan CARICOM ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ KOMÈS AK ENDISTRI; 	PREMYE ANE POU RIVE 3
31) Aplikasyon règ sanitè ak fitosanitè OMC mete pou kontwole pwodwi alimantè ki soti an Repiblik dominikèn ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	PREMYE ANE POU RIVE 2
32) Sou baz prensip respwosite gouvènman dominiken an ak lòt patnèl komèsyal yo dwe koube anba aplikasyon règ lib echanj ak anti-pwoteksyonism nan rapò komèsyal ak Ayiti.	<ul style="list-style-type: none"> • AGD. 	PREMYE ANE POU RIVE 3
33) Pran bon jan mezi pou konpanse tout pwodwi sibvansyone, sa ki sòti an Repiblik dominikèn oubyen nan lòt peyi ki patnè komèsyal Ayiti ;		
34) Mete bon jan pwogram sou pye pou kapab ankouraje moun yo konsome pwodwi lokal plis pase pwodwi enpòte yo.		
<div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin-bottom: 5px;"> <p>PWOGRAM PRIYORITÈ 5 (P5) : Ogmante patisipasyon aisyèn nan nan pwodiksyon agrikòl ak endistriyèl lokal.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>REZILTA NOU AP TANN : Pou gen plis antrepriz ki ap transfòme pwodwi akòl, pou moun ki ap travay nan domèn sa yo pi byen fòme.</p> </div>		
35) Fè pwomosyon pou devlopman teknik ak inovasyon teknik nan sektè l'Agro-business oubyen endistri nan transfòmasyon agrikòl;		3 ANE OUBYEN PI PLIS

<p>36) Fè pwomosyon pou pwodiksyon alachèn olye pwodiksyon pa pyès nan endistri sou tretans yo ;</p>	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AGRİKILTİ; • MINISTÈ KOMÈS AK ENDISTRI; • ENSTITI PWOMOSYON AK FÒMASYON PWOFESYONÈL. 	<p>3 ANE OUBYEN PI PLIS</p>
<p>37) Devlope patisipasyon ayisyèn nan chèn montaj endistri ki ap pwodwi ekipman elektwonik ak mekanik ;</p>		
<p>38) Ankouraje siyati akò patenarya ak gwo konpayi etranje pou yo tabli branch yo an Ayiti, epi pataje kompetans ak teknoloji avèk anplwaye Ayisyen yo.</p>		





AKS ESTRATEJIK III : AMELYORE OPÒTINITE EKONOMIK KOLEKTIVITE TERITOTYAL

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Transfòme reyon an pòl kwasans ak devlopman entegre.

PWOGRAM PRIYORITÈ 6 (P6) : Transformation des régions en Pôles de croissance et de développement intégré.

REZILTA NOU AP TANN : Eksplwate resous natirèl nan diferan departman jwografik peyi a pou redwi chomaj, povrete ak egzòd rural.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
39) Bay kèk ensitatif fiskal ak antrepriz ki swete vin nan rejyon an ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; • MINISTÈ ENDISTRI AK KOMÈS; • MINISTÈ AGRIKILT; • MINISTÈ AN-VIWOONMAN 	3 ANE OUBYEN PI PLIS
40) Kreye rezo nasyonal ki pou distribiye danre ki pwodwi an pwovens ;		
41) Fè pwomosyon agrikilti nan filyè ki ka kapab eksplwate;		
42) Kreye lòt zòn franch (ZF) ak pak endistriyèl (PI) ak mache binasyonal nan rejyon ki pi pwomèt rezilta yo.		
43) Devlopman antreprenarya sosyal lokal ;		
44) Devlope yon pratik pou prezève resous natirèl lokal a travè eko fiskalite.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 7 (P7) : Amelyore gouvènans terityal.

REZILTA NOU AP TANN : Ranfòse kowezyon nasyonal, amelyore tretman ant kapital ak lòt kolektivite terityal.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
45) Etabli yon pataj ekilibre nan mitan lajan fonksyonman ak envestisman piblik avèk kolektivite terityal yo ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; • MINISTÈ PLANIFIKASYON; 	3 ANE OUBYEN PI PLIS
46) Ogmante degre transfè konpetans teknik yo nan rejyon yo ;		

47) Mete sou pye yon politik desantralizasyon ki pran an kont reyalye ak yon politik pou dekonsantrè sèvis ak enstitisyon piblik yo yon manyè pou ranfòse ekonomik lokal la epi amelyore lavi nan rejyon yo ak fonksyon piblik teritoryal la ;

48) Konstriksyon nouvo pò ak ayopò komèsyal nan lòt depatman epi reyabilite lòt pò lokal ki fèmen yo.

- **MINISTÈ TRAVO PIBLIK TRANSPÒ AK KOMINIKASYON;**
- **MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL.**



AKS ESTRATEJIK IV : ANVIWÒNMAN AFÈ

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Amelyore kompetitivite ak atraksyon Ayiti nan Karayib la ak nan tout mond lan.

PWOGRAM PRIYORITÈ 8 (P8) : Modènize anviwònman jiridik ak enstitisyonèl afè.

REZILTA NOU AP TANN : Pati eksplwatasyon jwenn ogmantasyon nan PIB ayisyen.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
49) Adopsyon yon strateji komèsyal pwomosyon eksplwatasyon sou baz avantaj konparatif;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AFÈ ETRANJÈ; 	3 ANE OUBYEN PI PLIS
50) Mete an plas yon diplomasi afè, Negosyasyon lòt akò komèsyal preferansyèl avèk peyi ki twouve yo nan Azi Sidès, Tiki, epi ratifye akò ki siyen ak CARICOM ak iniyon ewopeyèn nan lide pou divèsifye opòtinite ekplwatasyon pwodwi ayisyen;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AGRIKILT ET DES RESSOURCES NATURELLES; • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	
51) Enplikasyon paltfòm òganizasyon dyaspora yo nan strateji ak diplomasi piblik ki fèt pou attire investisman dirèk etranje ki ap favorab pou Ayiti;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ KOMÈS AK ENDISTRI; 	
52) Adopte mezi ensitativ reyenvestisman pwofi antrepriz ak amelyorasyon endikatè « Doing Business » pou kreye antrepriz an Ayiti ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL; 	
53) Fè pwomosyon pou nouvo investisman dirèk nasyonal ak etranje a travè ensitasyon fiskal ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ PLANIFIKASYON; 	
54) Amelyore agrikilti biyolojik pou fè pwodwi ayisyen pi atiran ak pi konpetitif sou mache etranje yo.	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ TOURIS 	
55) Transfòme sektè atizanal kòm yon pilye nan ekspòtasyon Ayisyèn nan ki kapab fè pwomosyon yon lòt fòm touris ki pa tradisyonèl tabnkou : Eko-tourism, kiltirèl, toursim gastwonomik ;		

56) Amelyorasyon kad jiridik al lejislatif pou pwoteje dwa pwopriyete prive ak pwopriye entèlektyèl ;		
57) Devlopman mache kapital en patikilye mache obligatwa a, pou reponn ak bezwen finansman pandan yon long peryòd ;		
58) Mete an plas enstriman mobilizasyon kapital entèn ki nouvo (innovant) pou bezwen finansman sou long peryòd epi asire yon jesyon ki pi soup sou to enterè yo ak risk sou kredi ;		
59) Amelyore gouvènans èd piblik ak devlopman (APD).		

YON TI KOUT JE SOU POLITIK PIBLIK AL-TÈNATIV SOU PWODIKSYON ENDISTRIYÈL AK KREYASYON TRAVAY LA.

Kad matrisyèl politik piblik endistriyèl ak kreyasyon travay la genyen 4 gran aks stratejik: Pwodiskyon nasyonal, telekominikasyon ak enèji, enfastrikti ak kominikasyon, fòmasyon ak inovasyon. Chak aks sa yo gen yon objektif ki asosye ak yo men ki yo menm gen 10 pwogram priyorite ak 37 aksyon.

SA OU DWE KONNEN

SOU POLITIK PIBLIK ALTÈNATIV SOU PWODIKSYON ENDISTRIYÈL AK KREYASYON TRAVAY LA.

Politik pilik pwodiksyon endistriyèl ak kreyasyon travay se yon ansanm mezi ak aksyon piblik ki vize fè pwomosyon pou devlopman endistri epi jenere opòtinite pou jwenn travay. Politik sa yo ka mande pou yo pran kèk inisyativ tankou ensitasyon fiskal pou antrepriz, envestisman nan rechèch ak devlopman, pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak politik regilasyon ki vize favorize kwasans ekonomik ak travay. Jeneralman objektif la se pou kreye yon anviwònman ki favorab a pwosperite ekonomik epi stabilite sosyal.

OCID pwopoze yon politik piblik altènativ pou pwodiksyon endistriyèl ak kreyasyon travay ki baze sou sipò ak endistri dirab, inovasyon teknolojik ak fòmasyon pwofesyonèl nan lide pou bouste kwasans ekonomik lan. Li fè chwa paske li kwè nan yon lojik rezilta ak bezwen li genyen pou gen chanjman ki fèt nan vizyon ak oryantasyon stratejik nan domèn sa yo.

Politik piblik altènativ pwodiksyon endistriyèl kreyasyon travay la mete anfas sou relèvman ak modènizasyon agrikilti ak lapèch. Aks stratejik sa ap pèmèt yo asire sekirite alimantè, redwi chomaj an Ayiti gras ak kreyasyon endistri transfòmasyon ou d'agrobusiness, men tou li ap pèmèt gen baz pou retabli ekilib bidjetè. Sa ki ap pèmèt valozizasyon goug la ak kontwòl sou enflasyon an.

OCID fè pwomosyon tou pou kominote a gen yon pi bon aksè ak resous nimerik enèjetik paske 2 elemans sa yo ap kontribiye pou gen ekonomi an grandi nan epòk kontanporèn nan.

Enfrastrikti ak kominikasyon se 2 domèn ki kapab tou amelyore ekonomi nasyonal la toukòm si gen devlopman ak modènizasyon nan enfrastrikti woutyè, nan transpò sa kapab, yon bò, kreye anpil travay, men tou kapab amelyore anviwònman afè , men tou kwasans ekonomik agrikol la gras ak yon koneksyon rapid ant pwodiktè danre yo. Menm jan tou, ranfòse ekspètiz ak konpetans etnik ap valorize mendèv ayisyèn nan nan chèn pwodiksyon endistri sou tretans nan sektè mekanik, eletwonik, famasetik, men tou sa ap gide nan redefini yon lòt pozisyon peyi a nan divizyon travay.

TABLO SENTÈZ BIDJÈ PWOGRAM ALTÈNATIF (BPA)

AKS ESTRATEJIK I : PWOĐIKSYON NASYONAL

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Asire relèvman ak modènizasyon agrikilti ak lapèch.

PWOGRAM PRIYORITÈ 1 (P1) : Ranplase enpôtasyon ak pwomosyon ekspôtasyon.

REZILTA NOU AP TANN : Peyi a jwenn aksè a sekirite alimantè ak lajan ki lajan kir antre gras ak ekspôtasyon.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
1) Reyabilitasyon enfrastrikti agrikòl (X km wout ak Y sistèm irigasyon plèn agrikòl);	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AGRIKILTİ AK RESOUS NATIRÈL; 	PREMYE ANE À 3
2) Ranfòse mekanizasyon agrikòl pou ka gen yon agrikilti ki plis modènize (intelligente) fas ak klima nan zòn sibler yo an patenarya ak koperativ agrikòl sou sipèvizyon BAC;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	
3) Mete a dispozisyon pwodiktè yo Y tòn entran agrikòl atravè magazen koperasyon nan zòn ki sibler yo ap jere ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ KOMÈS AK ENDISTRI; 	PREMYE ANE À 2
4) Ranfòse bank devloman agrikòl a travè ogmantasyon kredi ki disponib ak nonb sikisal an favè pwodiktè ak antreprenè agrikòl.	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL; • MINISTÈ PLANIFIKASYON. 	PREMYE ANE

PWOGRAM PRIYORITÈ 2 (P2) : Relèvman elvaj ak lapèch.

REZILTA NOU AP TANN : Plizyè milye peyizan soti nan povrete gras ak optimizasyon gras ak lajan ki sòti nan komèsyalizasyon pwodwi elvaj ak lapèch.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
5) òganizasyon sektè lapèch.	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ AGRIKILTİ AK RESOUS NATIRÈL; 	PREMYE ANE À 3

6) Fasilite modènizasyon enfrastrikti elvaj ak abataj zanimo nan zòn stratejik ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ PLANIFIKASYON; • MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL; 	
7) Amelyorasyon pwodiksyon endistriyèl manje «bovins, Caprins, des poissons, des abeilles, des porcins et des volailles»		

AKS ESTRATEJIK II : TELEKOMINIKASYON AK ENÈJI

OBJETIF ESTRATEJIK

Pèmèt kominote yo gen yon pi bon aksè a resous nimerik ak enèjetik.

PWOGRAM PRIYORITÈ 3 (P3) : Ranfòse elektrifikasyon nan peyi a.

REZILTA NOU AP TANN : REZILTA NOU AP TANN: Rezo elektrik yo renove, pwodiksyon elektrisite a ogmante gras ak enèji fosil, natirel ak enèji vèt ki sou teritwa nasyonal la.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
8) Ogmante kapasite pwodiksyon kouran elektrik ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ TRAVO PIBLIK TRANSPÒ AK KOMINIKASYON; • MINISTÈ PLANIFIKASYON; • EDH. 	ANNÉE 3 (ET AU-DELÀ)
9) Ogmante kapasite pwodiksyon kouran an ;		
10) Mete sou pye pwojè elektrik altènativ dirab.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 4 (P4) : Ogmante koneksyon teritwa gras ak en-tènèt.

REZILTA NOU AP TANN : Kowezyon sosyal ak ekilib devlopman nan mitan rejyon yo ranfòse, jèn yo kreye plis nouvo antrepriz.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
11) Amelyorasyon gouvènans sektè telekominikasyon (CONATEL AK IHSI)	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ TRAVO PIBLIK TRANSPÒ AK KOMINI-KASYON; • MINISTÈ PLANI-FIKASYON; • MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL; • CONATEL. 	PREMYE ANE À 3
12) Ranfòse aksè nimerik ak konpetitivite nan sektè telekominikasyon;		
13) Konstwi rezo kab anba tè ki kapab relye pòtoprens ak lòt depatman, komin ak seksyon kominal;		ANNÉE 3 (ET AU-DELÀ)
14) Relye Ayiti ak rezo entènèt wo debi (entènèt pèfòman) ki nan Karayib la;		
15) Konstwi lyen optik terès ant Ayiti ak Repiblik dominikèn ;		
16) Ankouraje enklizyon sosyal a travè aksè nimerik ak bòn gouvènans teritoryal entènèt.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 5 (P5) : Devlopman komès nimerik, sèvis anliy ak travay anliy.

REZILTA NOU AP TANN : Endis konpetitivite ak modènizasyon ekonomi an ogmante.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
17) Adopsyon lejislasyon sou komès ak sèvis bank anliy, kat kredi ak monè nimerik;	<ul style="list-style-type: none"> • MCI • MEF • MENFP • ENSTITI PWOMOSYON AK FÒMASYON PWOFESYONÈL ; • CONATEL. 	PREMYE ANE À 3
18) Pwomosyon antreprenarya nimerik kay jèn yo.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 6 (P6) : Bòn gouvènans sektè petwolye.

REZILTA NOU AP TANN : Distribisyon pwodwi petwolye yo fèt yon fason ki pi rasyonèl, komèsyalizasyon an pi efikas sou tout teritwa nasyonal la.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
19) Retabli monopòl leta nan enpòtasyon nan pwodwi petwolye;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ TRAVO PIBLIK TRANSPÒ AK KOMINI-KASYON; • MINISTÈ KOMÈS AK ENDISTRI; • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS. 	ANNÉE 3 (ET AU-DELÀ)
20) Ranfòse sipèvizyon operasyon distribisyon ak vant gaz (carburant);		
21) Ranfòse penalizasyon trafik ilegal pwodwi petwolye.		

AKS ESTRATEJIK III : ENFRASTRIKTI KOMINIKASYON

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Modènize enfrastrikti ak mwayen transpò an komen yo.

PWOGRAM PRIYORITÈ 7 (P7) : Modènizasyon sektè transpò.

REZILTA NOU AP TANN : Transpò an komen an pi byen òganize , plis konfòtab, plis sekirize pou sitwayen (itilizatè).

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
22) Fè pwomosyon pou gen fòmasyon pou pilòt ki ka pilote avyon komèsyal ;	<ul style="list-style-type: none"> • MTPTC • MICT • SEMANAH • OFNAC 	ANNÉE 3 (ET AU-DELÀ)
23) Devlope fòmasyon pou teknisyen ak mekanisyen nasyonal ki chaje pou repare ak fè antretyen pou avyon ak bato sivil yo.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 8 (P8) : Devlope enfrastrikti transpò woutye, maritim ak aeryen.

REZILTA NOU AP TANN : Anviwònman afè a amelyore.

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
24) Rezo Woutye yo reyabilite nan 2 gran rejyon nan peyi a ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ TRAVO PIBLIK TRANSPÒ AK KOMINI-KASYON; • MINISTÈ ENTERYÈ AK KOLEKTIVITE TERITORYAL; • SEMANAH • OFNAC 	PREMYE ANE À 3
25) Devlope sikwi aeryen entèn ak modèn nan 2 gwo rejyon nan peyi a.		
26) Modènizasyon ak devlopman kabotaj.		
27) Modènizasyon ak sekirizasyon enfrastrikti pòtyè nan 3 rejyon nan peyi a ;		
28) Modènizasyon ak sekirizasyon enfrastrikti pis rejyonal oubyen aterisaj pou ti avyon komèsyal nan 3 rejyon nan peyi a ;		
29) Mete sou pye kredi ak yon to kompetitif pou fasilite renouvèlman flòt otobis ak taptap tradisyonèl sendikalize.		

AKS ESTRATEJIK IV : FÒMASYON, INOVASYON

OBJEKTIF ESTRATEJIK

Ankouraje relèyman nivo konpetans teknik kreyatè ak antreprenè ayisyen ak nivo pwofesyonèl mendèv (travayè ak salarye).

PWOGRAM PRIYORITÈ 9 (P9) : Pwomosyon ekonomi savwa ak devloman pwofesyonèl.

REZILTA NOU AP TANN : Ekonomi ayisyèn nan vin ka pran plis plas epi kapab entegre ekonomi mondyal la gras ak opòtinite, nouvote ak amelyorasyon teknik pwodiksyon ak kalite travayè ak salarye (Mendèv).

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
30) Pwomosyon pou transfè konpetans teknik ak teknolojik an favè jèn ki nan domèn nimerik;	<ul style="list-style-type: none"> • MENFP • MAST • MENFP 	PREMYE ANE ET 2
31) Ranfòse lekòl pwofesyonèl ak teknik ki déjà la yo, patikilyèman nan domèn nimerik;	<ul style="list-style-type: none"> • INSTITUT NATIONAL DE FORMATION PROFESSIONNELLE; 	PREMYE ANE À 3
32) Valorizasyon rechèch inivèsité ki gen pou objektif pou gen devlopman kiltirèl, sosyal, ekonomik ak endistriyèl.		

PWOGRAM PRIYORITÈ 6 (P6) : Devlope espri antreprenarya kay jèn yo.

REZILTA NOU AP TANN :

AKSYON PRIYORITÈ	RESPONSAB	DAT LIMIT
33) Pwomosyon agwobiznis ak endistri agwo-alimantè ;	<ul style="list-style-type: none"> • MCI • CFI 	PREMYE ANE À 3
34) Evalyasyon, konsodalidasyon ak enstitisyonalizasyon eksperyans ki gen pou wè ak antreprenarya jenès ;	<ul style="list-style-type: none"> • MENJS • MAST 	

35) Sipò pou kreyasyon ak gouvènans PME ak mikwoantrepriz nan sektè pòtè (porteurs) ;	<ul style="list-style-type: none"> • MINISTÈ EKONOMI AK FINANS; 	
36) Sipòte yon pwogram atènans ak staj antreprenè-inivèsite-lekòl pwofesyonèl kote travay ye nan lide pou ranfòse konpetans ki gen pou wè ak anplwayabilite jèn ;	<ul style="list-style-type: none"> • BRH 	
37) Mete dispozitif pou fè sektè atizanal da tounen yon pilye ki ka reprezante nan ekspòtasyon ayisyèn nan.		

**YON TI KOUT JE SOU BIDJÈ-PWOGRAM
ALTÈNATIF KI GEN LADAN L POLITIK PIBLIK
OCID PWOPOZE YO**

SA OU DWE KONNEN

SOU BIDJÈ-PWOGRAM ALTÈNATIF KI GEN LADAN L POLITIK PIBLIK ALÈTANTIV OCID PWOPOZE YO.

Bidjè-pwogram: bidjè-pwogram dapre atik 31 LEELFI, se yon pwogram bidjetè ki regwoupe kredi ki pral itilize nan kad yon aksyon oubyen yon ansanm aksyon makònen ki reprezante yon politik piblik byen defini nan yon pèspektiv mwayen tèm. Pwogram bidjetè sa yo lye ak objektif byen detèmine ki ale nan sans enterè jeneral ak rezilta nou ap tann. Poutan, bidjè-pwogram altènatif la, se yon bidjè ki chita sou politik piblik ou ka fè konfyans, ki pètinant ki ap pèmèt ou jwenn bon jan rezilta ki nouvo ki kapab reponn ak bezwen popilasyon an di li genyen.

Bidjè-pwogram altènatif OCID pwopose a gen ladanl popilitik piblik enstisyon an pwopoze. Lè nou konsidere anpil nan pwogram oubyen aksyon striktirèl ki enskri nan kad politik piblik sa yo plizyè pwogram ak aksyon striktirèl ki enskri nan kad politik piblik sa yo ka etann yo sou yon tan ki long, ekip pilotaj OCID la ak konsiltan-ekspè mete yo dakò pou priyorize nan kad enstriman bidjè-pwogram 2023-2026 la pwogram aksyon ki kapab reyalize nan yon dèlè ki pap depase 3 premye ane mizannèv politik piblik la.

Bidjè pwogram altènatif la gen pou objektif pou pèmèt kandida pou pòs prezidan, senatè, depite soumèt bay popiplasyon an yon òf politik ki reyèl nan nivo ekonomik, komèsyal ak fiskal. Dokiman bidjè pwogram nan pral sèvi kòm pledwaye nan pwochèn eleksyon yo ane sa a.

TABLO SENTÈZ P-BPA

MISSION PWOGRAM	LIBELE	KOU ESTIMATIF KOUTE 0 TOTAL (MILYON GOUDE)	POUSANTAJ
Total		76048,605	100%
Misyon I	Politik Endistriyèl ak Kreyasyon Travay	51840,53	68,17%
Pwogram I	Pilotaj ak soutyen	62,39	0,12%
Pwogram II	Pwodiksyon Nasyonal	7647,55	14,75%
Pwogram III	Elvaj ak Pèch	1275	2,46%
Pwogram IV	Koneksyon Teritwa ak Entènèt	45,9	0,09%
Pwogram v	Komès Nimerik, Sèvis anliy , Travay an liy	516,63	1,00%
Pwogram VI	Transpò Woutye , Maritim ak Aeryen	38903,06	75,04%
Pwogram VII	Ekonomi savwa ak Devlopman Pwofesyonèl	362,5	0,70%
Pwogram VIII	Antreprenarya ak Kreyasyon Travay	3027,5	5,84%
Misyon II	Politik Fiskal ak Komèsyal Ekilibre	24208,075	31,83%
Pwogram I	Pilotaj ak Soutyen	62,39	0,26%
Pwogram II	Modènizasyon strikti ak pèsepsyon resous bidjetè	23595,015	97,47%
Pwogram III	Asenisman strikti ak depans nan bidjè a	496,81	2,05%
Pwogram IV	Pwomosyon ekilib bidjetè	53,86	0,22%

ESTRATEJI POU FÈ FAS AK BARYÈ KI TA KA ANPECHE REFÒM OCID PWOPOZE YO ATERI.

OCID idantifye kèk baryè oswa pikan kwenna ki sou wout operasyonalizasyon politik piblik altènativ pwodiksyon endistriyèl ak kreyasyon travay, fiskalite ak komès la. OCID konsidere tou baryè ki konsène adopsyon ak ekzekisyon bidjè-pwogràm nan ki ta pèmèt yo materyalize. Pami pwen ki idantifye yo genyen: apwopriyasyon gouvènman ayisyen, rezistans gwoup enterè lokal ak etranje dominan yo, mank aliyeman patnè entènasyonal devlopman ak anpil lòt ankò.

Sepoutèt sa, OCID prevwa yon ansanm strateji jesyon chanjman ki vize redwi obstak ki ta ka anpeche politik piblik yo aplike. Li elabore yon plan ki gen 5 gwo strateji kominikasyon: Strateji kominikasyon enflyans, strateji rezotaj nimerik, strateji deba medyatik fòmèl, strateji deba inivèsite ak kominitè, strateji echanj nòt fòmèl ak otorite yo.

OCID tou defini yon ansanm wòl ak responsabiite aktè kle yo genyen pou bidjè pwogram altènatif la aplike. Selon obsèvatwa a, pati politik yo ta dwe ede kad yo apwopriye yo konsèp ak zouti bidjè-pwogram nan, entegre nan plafòm yo objektif ak strateji ki pran ankont prensipal rekòmandasyon bidjè-pwogram altènatif la. Bò kote pa yo, òganizasyon sosyete sivil yo ta dwe enplike yo an amon ak anval nan tout sik bidjetè a pou devlope konsiltasyon pre-bidjetè yo nan lide pou redwi tout kritik yo kapab sou bidjè sa a, ogmante demann redevabilite pandan yo ap mete aksan sou kontwòl sitwayen epi ap evalye pèfòmans, odit konfòmite, finansye, teknik ak reporting. OSC yo ta dwe sansibilize, kontwole, swiv, evalye epi toujou remete an kesyon fason yo ap aplike politik altènativ yo ak egszekite bidjè a.

Pou fini, OCID reklame vijilans sitwayen yo, li plede tou pou yon ranfòseman ant pouvwa piblik yo ak aktè non etatik yo pou garanti enterè jeneral la, se fòs ki ap gide aksyon piblik nan tout domèn, an patikilye nan domèn ekonomik. Se yon chimen ki mennen nan kreyasyon richès ki byen pataje epi ki ap redwi povrete ak ingelite, 2 kondisyon ki endispansab pou gen estabilite.

Kisa w dwe konnen sou OCID

Obsèvatwa Sitwayen pou Enstitisyonalizasyon Demokrasi (OCID), yon konsòsyòm sosyete sivil ki gen ladan l Inisyativ Sosyete Sivil, Centre Œcuménique de Droits Humains et de JURIMEDIA , ap travay depi kreyasyon li nan janvye 2015 pou ranfose demokrasi an Ayiti. Observatwa a bay tèt li misyon pou li travay nan 4 domèn aktivite:

- Pwomosyon patisipasyon sitwayèn;
- Swivi enstitisyon ak pwosesis politik;
- Obsèvasyon konpetisyon politik;
- Swivi ak pledwaye pou apiye yon politik piblik ki lye, jis ak efikas

Pou plis enfòmasyon sou konsòsyòm OCID la ak aktivite l, tanpri vizite sit wèb li :

<http://ocidhaiti.org/>

CE LIVRET A ÉTÉ RÉSUMÉ ET PRODUIT PAR L'INSTITUT PANOS
www.institutpanos.org

